



THE CITY OF NEW YORK

DEPARTMENT OF HEALTH AND MENTAL HYGIENE

Michael R. Bloomberg
Mayor

Thomas R. Frieden, M.D., M.P.H.
Commissioner

nyc.gov/health

Pediculosis - maladi po lè yon moun gen pou [(pou nan tèt, pou nan kò, pou nan pwal devan, cootie, mòpyon)]

Kisa pediculosis ye? *Pediculosis* se yon enfeksyon yon moun atrap pa lentèmedyè pou ki fin fòm oswa ki fèk ap devlope oubyen ze yo (lav). Nan etap ensèk sa a ap ranpe, li nourri l avèk san moun. Sa ki ka antrene demanjezon grav. Anjeneral, pou nan tèt chita sou po tèt yon moun, epi pou nan pwal devan (mòpyon) nan pati pibis yon moun. Pou nan kò chita toutolon kouti rad moun, epi yo janbe sou po moun pou alimante yo.

Kimoun ki atrap pediculosis? Nenpòt moun ka gen pou.

Kouman pediculosis gaye?

Kontaminasyon e avèk pou nan tèt e avèk pou nan kò, ka fèt lè yon moun ankontak avèk yon moun ki enfekte dirèkteman, oswa lè yon moun sèvi avèk bagay yon moun ki enfekte, tankou chapo, rad, peny oswa bwòs. Byenke gen posiblite pou mòpyon transmèt pa lòt mwayen, lepi souvan yo transmèt pa kontak seksyèl.

Kisa ki sentòm pediculosis?

Anjeneral, premye siy yon enfeksyon se demanjezon oswa gratèl nan pati kò kote pou yo ap sise a. Si yon moun ap grate padèyè tèt li oswa toutotou zòrèy li, li dwe al fè yon egzamen pou konnen si li gen pou nan tèt. Si yon moun ap grate toutotou pati jènital li, li dwe al fè yon egzamen pou konnen si li gen mòpyon oswa ze mòpyon.

Nan konbyen tan sentòm yo parèt apre enfeksyon?

Sa kapab pran 2 oswa 3 semenn oswa plis pou yon moun remake pakèt gratèl enfeksyon pou a okazyone

Sou konbyen tan yon moun kapab transmèt pediculosis?

Yon moun enfekte ka transmèt *pediculosis* toutotan li gen pou oswa ze vivan sou kò li oswa sou rad li.

Kouman yo trete pediculosis?

Plizyè mediman sou fòm chanpou oswa rens krèm efikas pou touye pou. W ap jwenn pwodwi ki genyen *permethrin* oswa *pyrethrins* ou ka achte san preskripsyon. Pou evite efè segondè ak toksisite, ou dwe swiv dòz yo endike sou etikèt pwodwi a epi ou dwe pran l pandan dire yo mete pou w pran lan. Anjeneral, li rekòmande pou fè menm tretman an apre 7 a 10 jou pou asire pa gen ze ki rete vivan. W ap jwenn peny ki gen dan fen pou ede w retire lav yo nan cheve ou.

Ki prekosyon ou ka pran pou w pa trape pediculosis?

Ou pa dwe gen kontak fizik avèk moun ki enfekte a, epi ak zafè moun lan, sitou rad, òneman pou tèt ak bagay li itilize pou l kouche. Edikasyon nan domèn lasante dwe baze sou metòd apwopriye pou deteksyon ak tretman maladi. Pou anpeche yon moun atrape enfeksyon an ankò lè l fin trete l, ou dwe lave rad ak bagay moun lan itilize pou kouche nan dlo cho (140 degre Farenayt pandan 20 minit) answit, ou dwe chwazi yon sik cho nan machin pou seche a pou w rive detwi pou ak ze yo. Etandone pou kouve ze yo nan 6 - 10 jou, e piske pou kapab rete anvri pandan sèlman 1 - 2 jou lwen yon po tèt, li bon lè ou pa kapab lave bagay enfekte yo, pou w sere yo nan yon sache plastik fèmènan pandan 10 jou.

Èske yon timoun ki gen pediculosis kapab rete lekòl?

Non Lekòl ki nan vil Nouyòk yo aplike yon règleman "Pinga pou nan tèt". Lè yon timoun fin trete l, li dwe pa gen pou nan tèt li anvan li tounen lekòl.